

Itariki: _____

IMVO: Uzuzamaze urungike icegeranyo cugaye bitarenze _____ itariki ya 5 canke uburusho bwawe buzoca buhagarara.

Turiko turasuzuma uburenganzira bwawe bwo kubandanya gufashwa biciye mu migambi yacu none rero dukeneye kumenya impinduka zose z'ingene umuryango wawe umerewe.

Ng'ibi ivyo dushaka gukora:

1. Uzuzamaze wongere utere umukono ku cegeranyo c'imfatakibanza.
2. Gira amakopi y'impapuro zose zisabwa (akarorero, icemeza amafaranga winjiza).
3. Rungika icegeranyo cawe hamwe n'izindi mpapuro zose zometseko ibimenyetso kabanga ushire mw'ibahasha ririhwe muri posita canke ukoresheje ubuhinga ngurukanabumenyi. Gitegerezwa kuboneka bitarenze _____ itariki 5 canke uburusho bwawe buzoca buhagarara.

Urashobora kuringika urwo rupapuro rwawe ku buhinga ngurukanabumenyi kuri ahsuploader.vermont.gov. Runo rubuga ngurukanabumenyi rugenewe impapuro zisabwa gusa. Ntukoreshe urubuga ngurukanabumenyi ku bijanye n'ibibazo canke ngo urungike impapuro zitasabwe.

Nimba ufise ibibazo ivyarivyo vyose, hamagara kuri 1-800-479-6151.

NIMBA UKORERA KURI 3SquaresVT

Urashobora kwemererwa kugabanirizwa kandi ukaronka n'uburusho bwisumbuye nimba wewe:

- Uriha ibirezo vy'umwana ubitegetswe na sentare
- Uriha amafaranga yo kwitaho umwana (harimwo n'amafaranga yo kwiyounguruzwa)
- ufise amadolari arenga 35 buri kwezi yo gukoresha mu kwivuza — nimba ufise imyaka irenga 60 canke ugendana ubumuga

Nimba ukeneye kumenya ibindi, hamagara kuri 1-800-479-6151.

Uburenganzira bwawe bwo kwunguruza mu gisata co gufata ingingo

Iyo udashimye ingingo urashobora kwunguruza. Niyo wunguruza, uzokwumvirizwa mu butungane. Kwumvirizwa mu butungane ni amahirwe yawe yo kubwira inkuru yawe urwego rujejwe serivisi z'ingene abantu babayeho. Urashobora kwiserukira canke kugira umushingwamanza canke uwundi muntu akuvugira. Urwego rujejwe serivisi z'ingene abantu babayeho ruzosuzuma ivyo wavuze mu buryo butunganye kandi butumbereye. Urwego rujejwe serivisi z'ingene abantu babayeho ruzofata ingingo nimba ingingo y'urwego izokwemezwa canke izofutwa. Nimba ukeneye gusaba kwumvirizwa mu butungane, hamagara mu kigo kijejwe ama serivisi y'uburusho kuri 1-800-479-6151 canke mu rwego rujejwe serivisi z'ingene abantu babayeho kuri 1-802-828-2536. Urashobora gusaba umuntu wizigiyeye kugirango agufashe gusaba kwumvirizwa mu butungane.

Inyuma yo gusaba kwumvirizwa mu butungane, uburusho bwawe burashobora kubandanya, canke urashobora gusubira gusaba. Mu gihe ukirindiyeye ko urwego rujejwe serivisi z'ingene abantu babayeho rufata ingingo, nimba wari warasavye kwumvirizwa mu butungane imbere yuko igisata gihagarika canke kigahindura uburusho bwawe, uburusho bwawe burashobora kubandanya ku rugero rwubu (uretse umugambi w'ibitoro), kiretse utubwiye yuko udashaka ko bibandanya. Nimba uburusho bwawe buhagaritswe, urashobora gusubira gusaba igihe icarico cose.

Birahambaye kumenya y'uko:

- Nimba kwumvirizwa mu butungane bitafashe ingingo mu buryo bugushimisha, urashobora gusabwa kuriha uburusho bwose waronse muri iki gihe utari ubifitiye uburenganzira.
- Nimba kwumvirizwa mu butungane vyafashe ingingo mu buryo bugushimisha, uburusho bwawe buzosubizwaho. Nimba utabandanije kuronka uburusho, uzorihwa mu buryo bwisubirako.

Uburenganzira bw'abantu bagendana ubumuga

Woba ufise ukuntu umeze vyo ku mubiri, vyo mu mutwe canke vyerekeye kwiga bituma bikugora gukora ibintu tugusaba gukora? Turashobora guhindura kugirango tugufashe.

Itegeko rigenga Abanyamerika bagendana ubumuga (ADA) n'amategeko ya Vermont aravugaga ko dutegerezwa guhindura ibintu kugira ngo abantu bagendana ubumuga bashobore kuronka uburusho butangwa n'igihugu. Izi mpinduka zitwa uburaro bwumvikana. Ng'ubu uburorero bumwe bumwe:

- Hoba umuntu yandika inyishu nimba atavyo ushobora.
- Turashobora kuguha uwundi mwanya canke tukagufasha kuronka ivyangombwa utegerezwa kuduha.
- Urashobora kuronka umuntu agufasha mu gihe uriko uravugana natwe.
- Turashobora kurungika inzandiko zanditswe mu ndome nini kugirango ushobore kuzisoma.
- Turashobora guhurira mu rugo iwawe canke kuri terefone kugirango ntiwirirwe uraza ku biro vy'akarere.

Menyeshya umukozi wa serivisi ishinze uburusho nimba ukeneye ko duhindura kugirango ushobore kuronka uburusho ukeneye.

Inomero yo Gutegekaniriza kazoza (SSN)

Utegerezwa gutanga inomero yo gutegekaniriza kazoza SSN kuri buri muntu aronka uburusho. Ntibikenewe ko utanga SSNs ku bantu bataronka uburusho. Kwegeranya SSNS birasabwa muri 42 USC. § 1320b-7. Imigambi imwe imwe irashobora gukuraho iki kintu gisabwa ku banyamuryango b'amadini banka gutanga inomero yo gutegekaniriza kazoza. ESD ikoresha SSNs kugirango yubahirize itangwa ry'amafaranga yo gufasha abana, ibuze abantu kuronka uburusho bubiri, gusuzuma ukuri kwa'makuru yatanze n'ibindi vyinshi.

Guhana ubusuma bwo muri 3Square VT

Wewe canke umuntu wese akuze wo mu muryango wawe akoze ubusuma muri 3SquaresVT canke kudandaza, murashobora gukurwa muri 3SquaresVT. Kubuzwa bizoba umwaka umwe ku caha ca mbere, imyaka ibiri ku ca kabiri, hanyuma burundu ku caha ca gatatu. Wewe canke umuntu wese wo mu muryango iwawe yadandaje canke akagura imiti itemewe n'amategeko muri 3SquaresVT, azokurwa imyaka ibiri ku caha ca mbere hanyuma burundu ku ca kabiri. Nimba uronka uburusho bw'imfungurwa mu maleta abiri icarimwe, uzobuzwa imyaka 10. Wewe canke umuntu wese akuze wo mu muryango iwawe yagiriye n'icaha kimwe co gucuruza kirenga \$500 canke kudandaza inkoho, amasasu, canke ibisasu biturika kuri 3SquaresVT, kubuzwa ni burundu.

Nimba ukeneye umusobanuzi...

(Icarabu) 1-855-247-3092 إذا أنت ترغب خدمات الترجمة الفورية اتصل برقم

Ako su Vam potrebne usluge tumačenja, pozovite 1-855-247-3092. (Ikibosinya)

စကားပြန် ဝန်ဆောင်မှုလုပ်ငန်းကိုအလိုရှိပါက 1-855-247-3092 သို့ ဖုန်းဆက်ခေါ်ပါ။ (Ikiburumeze)

Si vous avez besoin de services d'interprétation, appelez le 1-855-247-3092. (Igifaransa)

Mugihe woba ushaka impfashanyo yo gusigurirwa, hamagara uyu murongo 1-855-247-3092. (Ikirundi)

यदि तपाईंलाई दोभाषे सेवाको जरुरत परेमा 1-855-247-3092 मा कल गर्नुहोस्। (Ikinepali)

Haddii aad u baahan tahay adeegyo turjumaan, wac 1-855-247-3092. (Igisomali)

Si usted necesita servicios de interpretación, llame al 1-855-247-3092. (Igispanyola)

Ikiwa unahitaji huduma za ukalimani, piga simu 1-855-247-3092. (Igiswahili)

Nếu quý vị cần dịch vụ thông ngôn, hãy gọi 1-855-247-3092. (Ikiviyetinamu)

ICEGERANYO C'IMFATAKIBANZA

Kugirango tubandanye kuronka uburusho biciye mu gisata kijejwe serivisi z'ubutunzi, turakeneye kumenya nimba hari impinduka zabaye mu muryango iwawe kuva usavye canke isuzuma riheruka.

Ng'ibi ivyo dushaka gukora:

1. Uzuzwa, ushireko umukono maze ugarukane runo rupapuro(hometseko ibimenyetso kabanga) ukoresheje ibahasha ririhwe muri posita, bitarenze kw'igenekerezo riri kw'ikete riri muri iryo bahasha.
2. Shiramwo ama kopi y'impapuro zose zisabwa.
3. Nimba ufise ibibazo ivyarivyo vyose, hamagara kuri 1-800-479-6151.

1. Tanga izina ryawe, itariki y'amavuka, hamwe n'inomero yo kuziganiriza kazoza.

Amatazirano, irindi zina, izina & uwundi mwidondoro (Jr., Sr., III, etc.)	Itariki y'amavuka	Inomero yo gutegekaniriza kazoza

2. Urakerebukiye Reach Up canke Reach Ahead? Ego Oya

Nimba ari EGO, ishura ngaha muni.	Nimba ari OYA, genda ku kibazo ca 3.
IKIBAZO	NIMBA ARI EGO, KWIRIKIZA IBI BIBWIRIZWA
Hari umuntu wo mu muryango iwawe yinjiza amafaranga avuye mu kazi yikoresha we nyene canke akazi ahembwa (ntabwo ari uburambe mu kazi canke ibikorwa rusangi)? <input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya	Rungika ivyemezo vy'amasaha yakoze yahembewe & amafaranga yinjije mu minsi 30 iheze (<i>akarorero inyandiko yanditswe n'umukoresha canke impapuro zerekana umushahara</i>). <i>Utegerezwa kurungika bino vyemezo naho amafaranga winjiza yoba atarahinduka. Utabikoze, uburusho bwawe bwo muri Reach Up canke Reach Ahead buzoca buhagarikwa.</i>

3. Urakerebukiye muri 3SquaresVT? Ego Oya

Nimba ari ego, ishura ibibazo biri ku mpapuro za 2 na 4.	Nimba ari OYA, ca ugenda mu kibanza co gushirako umukono muni ku rupapuro rwa 4.
--	--

IBIBAZO VYEREKEYE 3SQUARESVT

⇒ Uzuza ibibazo bisigaye ku bantu BOSE bo mu muryango wawe.

⇒ Ishura kuva itariki yanyuma wasavye muri 3SquaresVT.

1. Umuryango wawe woba warimutse? Ego Oya Nimba ari EGO, tanga ido n'ido ngaha muni.

Aho uba hashasha <input type="checkbox"/> Hitamwo ngaha nimba utagira aho uba	Igisagara	Leta	Kode ya posita	Inomero ya terefone
Agasandugu ka posita <input type="checkbox"/> Hitamwo hano nimba bisa n'ibiri ng'aho hejuru	Igisagara	Leta	Kode ya posita	Inomero twokurungikirako ubutumwa

2. Amafaranga yo gupanga inzu yoba yarhindutse? Ego Oya Nimba ari EGO, tanga ido n'ido ngaha muni.

Nimba upanze inzu yawe, tanga ido n'ido hano muni :

Amafaranga yo gupanga : \$ _____ ku _____. Harimwo : Gushusha mu nzu Umuyagankuba
 Gukanyisha mu nzu Amazi ashushe

Nimba inzu ari rwawe, uriha amafaranga angaha :

Ingwati gusa	Amafaranga yo kuriha \$ _____ ku _____	Inyungu \$ _____ ku _____	
Ingurane ifatiye ku gaciro k'inzu	Amafaranga yo kuriha \$ _____ ku _____	Inyungu \$ _____ ku _____	
Amafaranga arihwa n'abasangiye ubutaka \$ _____ ku _____	Gukotesha ubutaka \$ _____ ku _____		
Ubwishingizi bw'uburaro (<i>uburaro gusa</i>)	\$ _____ ku _____		
Ikori ry'ubutaka	Amakori yose \$ _____	Amahera arihwa na Leta \$ _____	Amakori azokurikira \$ _____

Nimba wirihira ivya nkenerwa vyo mu nzu, hitamwo ivyo uriha ng'aha muni:

Gushusha Amazi ashushe Guteka Amatara Gukanyisha mu nzu Iterefone

3. Abagize umuryango wawe boba barhindutse kuva aho usabiye canke kuva kw'isuzuma riheruka?

Ego Oya Nimba ari EGO, tanga ido n'ido ng'aha muni.

Izina & n'amatazirano	Warimutse/Waragiye	SSN	Ico mupfana	Igitsina	Itariki ry'amavuka (ukwezi/itariki/umwaka)	Kugura & mugategurira imfungurwa hamwe?
	<input type="checkbox"/> Imbere <input type="checkbox"/> Hanze Ryari:			<input type="checkbox"/> Umugabo <input type="checkbox"/> Umugore		<input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya
	<input type="checkbox"/> Imbere <input type="checkbox"/> Hanze Ryari:			<input type="checkbox"/> Umugabo <input type="checkbox"/> Umugore		<input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya
	<input type="checkbox"/> Imbere <input type="checkbox"/> Hanze Ryari:			<input type="checkbox"/> Umugabo <input type="checkbox"/> Umugore		<input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya
	<input type="checkbox"/> Imbere <input type="checkbox"/> Hanze Ryari:			<input type="checkbox"/> Umugabo <input type="checkbox"/> Umugore		<input type="checkbox"/> Ego <input type="checkbox"/> Oya

4. Amafaranga umuntu yinjiza yoba yarahindutse kuko yatakaje akazi/ yatanguye akazi canke urudandazwa (akarorero, akazi canke kwikoresha)? Ego Oya Nimba ari EGO, tanga insiguro mw'ido n'ido ngaha hepfo KANDI urungike ivyemezo vy'amafaranga yose yaronse mu minsi 30 iheze. Koresha urundi rupapuro nimba bikenewe.

Umuntu yahinduye amafaranga yinjiza:	
Amafaranga yinjiza yahindutse ryari?	
Umukoresha/ayandi masoko y'amafaranga:	
Amafaranga yose hamwe yinjiza ku kwezi:	\$

5. Amafaranga umuryango wawe UTINJIJE yoba yarahindutse hejuru ya \$ 100 ku kwezi? Ego Oya Nimba ari EGO, tanga ido n'ido ng'aha munsu. (Mu mafaranga atinjije harimwo ibirezo vy'umwana, uburusho bw'abagendana ubumuga, amafaranga ava mu ncuti, uburusho bwo gukukuruka, SSI/AABD & uburusho bw'abahoze ku rugamba).

Amatazirano, urudome rutangura irindi zina	Ubwoko bw'amafaranga yinjira	Amafaranga yose hamwe & kangahe
		\$ ku
		\$ ku
		\$ ku
		\$ ku

6. Mbega amafaranga yose hamwe umuryango wawe winjiza ku kwezi (ayinjije n'ayatinjije bifatiwe hamwe) yariyongereye hejuru ya 130% y'urugero rw'ubukene ku rwego rw'igihugu (FPL) ku kuntu umuryango wawe ungana? Ego Oya

Nimba ari EGO, rungika ivyemezo vy'amafaranga yose waronse mu minsi 30 iheze. Nimba ari OYA canka amafaranga winjije yari hejuru ya 130% mu gihe co gutanga ivyemezo, aho rero ivyemezo vy'amafaranga yose yinjije NTibiba bigisabwe.

Ingene umuryango wawe ungana	130% y'Urugero rw'ubukene ku rwego rw'igihugu FPL	Ingene umuryango wawe ungana	130% y'Urugero rw'ubukene ku rwego rw'igihugu FPL
1	\$1473	5	\$3518
2	\$1984	6	\$4029
3	\$2495	7	\$4541
4	\$3007	8	\$5052

Ongera \$512 ku muntu umw'umwe wese yiyongera mu muryango wawe

7. Hariho uwaronse umuduga? Ego Oya Nimba ari EGO, tanga insiguro mw'ido n'ido ng'aha munsu

Umwaka umuduga wakoreweko	Ubwoko bw'umuduga	Ubwoko bw'umuduga

8. Umuryango wawe woba ufise amadolari arenga 2000 mu matungo? Ego Oya

Nimba ari EGO, tanga insiguro mw'ido n'ido ngaha munsu (akarorero, amafaranga ufise mu ntoke, amafaranga ari muri banki, imitahe & ayandi matungo).

Isoko ry'ubutunzi	Amahera asigaye
	\$
	\$

9. DHoba hariho uwuriha ibirezo vy'umwana abitegetswe na sentare? Ego Oya

Nimba ari EGO, tanga insiguro mw'ido n'ido ngaha muni KANDli urungike ivyemezo ko warishe.

Umuntu ariha ibirezo vy'umwana	Ibirezo vy'umwana birihwa buri kwezi bitegetswe na sentare
	\$
	\$

10. Hoba hariho umuntu akwije ibisabwa vyo gukora akazi kubera ko ashoboye gukora, afise imyaka 18 kugeza kuri 50 kandi ata bana afise bari muni y'imyaka 18 mu rugo iwe? Ego Oya

Nimba ari EGO, ishura ibibazo biri ngaha muni.

Izina ry'umuntu:

Amasaha y'akazi yabo yo ku ndwi yoba yaragabanutse gushika muni y'amasaha 20 ku ndwi? Ego Oya

Nimba ari ego, sigura igituma :

URUTONDE RW'IMPAPURO UKENEYE KURUNGIKA:

- Icegeranyo c'imfatakibaza giheze
- Injizamwo ibimenyetso kabanga harimwo no muri kano gasandugu
- Nimba hoba hariho uwuriha ibirezo vy'umwana — rungika ivyemezo ko warishe
- Nimba uronka Reach Up canke Reach Ahead— Rungika ivyemezo vy'amasaha wakoze & amafaranga waronse mu muni 30 iheze (akarorero inyandiko yanditswe n'umukoresha canke impapuro zerekana umushahara).
- Amafaranga umuntu yinjiza yoba yarahindutse kuko yatakaje akazi/ yatanguye akazi canke urudandazwa — Rungika ivyemezo vy'amafaranga yose waronse mu muni 30 iheze.

UTEGEREZWA GUSHIRA UMUKONO NG'AHA MUNSI

Mu gushira umukono ngaha muni, ndahamya yuko, canke naho ngahanirwa gutanga ubuhamya bw'ibinyoma, ko amakuru yatanze ku rupapuro rwo gusaba ari ayukuri kandi akwiye nishimikije ivyo nzi kandi nizera.

izina: _____ itariki y'amavuko: _____

Umukono: _____ Itariki: _____